



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA POU PWOTEKSYON TRAVAYÈ NAN DEPO

Lejislasyon (S.8922A/A.10020A) egzije divilgasyon done sou vitès travay epi gen ladan pwoteksyon pou travayè yo ki pa respekte kota vitès travay ki pa divilge oswa ki ilegal

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te siyen Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depo (Warehouse Worker Protection Act, WWPA) (S. 8922/A. 10020). Lejislasyon sa a pral pwoteje travayè distribisyon nan depo kont kota vitès travay ki pa divilge oswa ilegal, epi li gen ladan pwoteksyon pou travayè ki pa respekte kota ilegal yo.

"Chak Nouyòkè nan Eta New York merite pou yo trete yo avèk jistis, diyite ak respè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap selebre jou fèt yo avèk kado ak anbalaj, mwen fyè pou m siyen Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depo a pou elaji pwoteksyon pou anplwaye nan depo k ap travay di yo".

Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depo (S. 8922A/A.10020A) a gen pou objektif pwoteje travayè nan depo yo kont yo demann kota travay ki pa rezonab. Nouvo lwa sa a pral etabli nouvo egzijans pou sant distribisyon yo divilge done sou vitès travay bay anplwaye aktyèl yo ak ansyen anplwaye yo pou enfòmè travayè yo sou pèfòmans yo ak dwa yo nan espas travay la. Lejislasyon an tou pwoteje travayè yo kont aksyon negatif nan travay, tankou aksyon disiplinè oswa revokasyon, sèlman akòz yon echèk nan satisfè kota vitès ki pa divilge oswa kota ki pa pèmèt poz apwopriye.

Senatè Eta Jessica Ramos te deklare, "Lè nou pèmèt Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depo a franchi dènnye faz, nou te asire ke kòporasyon tankou Amazon ak UPS pa ka retire tout pwofi yo kapab sou anplwaye yo, nan kite travayè yo fè fas ak blesi yo. Chak travayè nan depo gen yon kominote ki konte sou yo, ki konte sou kapasite yo pou yo retounen lakay yo soti nan travay an antye. Mwen ta renmen remèsye Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins paske li te rankontre ak Sendika Travay Amazon lan pandan n ap bati sipò pou lejislasyon sa a, ak Gouvènè Hochul paske li te afime angajman li pou pwoteksyon solid travayè yo. Sa a se premye etap pou konbat aksidan k ap ogmante nan yon sektè travay k ap grandi byen vit, epi mwen espere kontinye travay la avèk patnè mwen yo nan pwochen sesyon mouvman travayè a".

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, "Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depo a adopte mezi sekirite enpòtan nan espas travay epi retire avantaj pou gwo komès elektwonik tankou Amazon angaje yo nan pratik nan espas travay ki pa an sekirite. Lejislasyon sa a pote transparans ki nesèsè anpil nan itilizasyon kota penib yo epi amelyore pwoteksyon travayè yo. Mwen vreman apresye dèske Gouvènè Hochul siyen lwa a".

Stuart Appelbaum, ki se Prezidan Retail, Wholesale and Department Store Union, te deklare, "RWDSU (Sendika Vant an Detay ak an Gwo nan Magazen) te bay anpil priyorite pou pwoteje travayè depò yo kont aksidan ak maladi estrès ki soti nan kota san limit epi se poutèt sa nou te fè presyon pou entwodiksyon Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depo (WWPA - A10020/S8922). Enstalasyon depò yo ap ogmante atravè New York nan yon nimewo estrawòdinè; Amazon poukont li te louvri plis pase 70 enstalasyon nan eta a ak plis pase mwaye nan enstalasyon sa yo te bati depi janvye 2021. An menm tan an, nou te wè ogmantasyon nan pousantaj aksidan pou travayè nan depò yo. Akòz kota travay ekstrèm, travayè nan depò yo te soufri atak kè, kou, blesi nan mouvman repetitif, ak doulè nan jwenti ak nan do ki ireparab pou tout lavi yo. Jodi a, nou te reyalize yon gwo viktwa pou sekirite travayè yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a. WWPA a ka kòmanse ede travayè ki bezwen li kounye a plis pase sa te janm ye anvan".

Prezidan Konsèy Konjwen Teamsters 16 la, Thomas Gesualdi, te deklare, "Manm Teamster yo te pase plizyè deseni ap goumen pou estanda sekirite solid nan endistri depò a, men kwasans Amazon mete travayè yo an danje yon lòt fwa ankò. Nou remèsye Gouvènè Hochul, sipòtè pwojè lwa a Senatè Ramos ak Manm Asanble Joyner, ak lidè lejislatif yo dèske yo te etabli yon baz sekirite pou tout konpayi depò yo avèk Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depò yo. Se yon viktwa reyèl nan batay kontinyèl nou pou dwa ak negosyasyon kolektif pou tout travayè nan depò yo pou yo gen yon vwa nan travay epi pou kapab pwoteje tèt yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418